



Amakuru Mashasha ya COVID-19 ku Mugwa Mukuru wa Burlington

Ikigo C'amakuru shingiro no Kuvura vya COVID-19 I Burlington (RRC)

Ruhuhuma 2021

Kirundi

Ingingo nyamukuru:

- Urucanco rwo ku buntu ubu ruraboneka ku bantu bafise imyaka 75 y'amavuka n'abisumbuye kurushaho
- Ivyiciro vy'urucanco ruzozza birimwo abafise imyaka y'amavuka 70+, hama 65+, amagenekerezo ruzosohokerako ntaratangazwa
- Ikwiragizwa ry'urucanco muri Vermont riziyongera mu mayinga azozza
- Kuronswa intambwe zisabwa ku kuntu wiyandikisha kugira uronke urucanco
- Bandanya gukurikiza amabwirizwa yo kwikingira inyuma y'urucanco (gukaraba iminwe, kwambara agapfukamunwa, kwirinda amakoraniro)
- Amakuru ku gipimo ya Ruhuhuma

Itangwa ry'urucanco

Imibonano ku bijanye n'incanco za COVID-19 ubu iraboneka ku bantu b'i Vermont bafise imyaka y'amavuko 75 canke bayirenta!

Igisata kijejwe Amagara y'abantu ci Vermont caratanze amakuru atomoye ku kuntu abantu bafise imyaka 75 canke irenga bashobora kwiwandikisha kugira baronswe urucanco rwa COVID-19 RWIZEWE KANDI KU BUNTU.

Abantu bafise amahitamwo abiri kugira biyandikishe:

1. Iyandikishe ku buhinga ngurukanabumenyi kuri <https://www.healthvermont.gov/covid-19/vaccine/getting-covid-19-vaccine> (iyandikwa ku buhinga ngurukanabumenyi riri mu congereza)
2. Mu guhamagara imihora inyaruka ijanye n'urucanco kuri 855-722-7878, hama ufyonde 1 mu kwiwandikisha mu zindi ndimi atari icongereza. Amasaha yo guhamagara ku kigo ni ku wa Mbere-ku wa Gatano, 8:15 imbere y'umutaga - 5:30 inyuma y'umutaga hamwe no ku wa Gatandatu no ku wa w'Imana, 10:00 imbere y'umutaga - 3:00 inyuma y'umutaga. Nimba ukeneye ubufasha mu kwiwandikisha, hamagara uwukurikirana ikibazo cawe mw'ishirahamwe ry'abanyafurika canke k'umugambi w'impunzi. Nimba udafise uwukurikirana ikibazo cawe, hamagara Umugambi w'impunzi kuri 802-655-1963 canke Ishirahamwe ry'abanyafurika kuri 802-355-0795 hama uzohuzwa n'umuntu avuga ururimi rwawe.

Aya niyo makuru bazogusaba gutanga:

- Izina (Ntibikenewe ko werekana ibikuranga)
- Igenekerezo ry'amavuka
- Aho ushobora gutorwa
- Aho ushobora gutorwa ku buhinga ngurukanabumenyi, nimba uhafise
- Numero za terefone
- Amakuru k'ubwishingizi bwa mbere (hitamwo, ntibikenewe)
- Ibindi bibazo bijanye n'amagara nka kahise muvuy'ubuvuzi canke ukuntu ivy'amagara vyifashe



Nyabuna zirikana ukuntu ushobora gufasha abageze muza bukuru mu muryango wawe canke mu karere mu kwiwandikisha kuri runo rucanco. Ntavyo kugendera ikigo bizoba vyemewe mur'uyu mwanya kandi abantu bategerezwa gusaba umubonano hakiri kare. Ubwishingizi ntibikenewe, kandi urucanco ni ku buntu. Abazoba baronse urucanco barakeneye kubandanya ingingo zo kwikingira, nko kwambara agapfukamunwa, kugumizaho umwanya ukwiye wo kwikingira kwegerana hagati y'abandi bantu bava hanze y'imuhira iwawe, kandi ugume ukaraba iminwe canke uyikorera isuku buri mwanya ukoresheje amavuta yabigenewe. Nyabuna bandanya gukurikiza amabwirizwa ya reta, muri kano kanya amakoraniro ntaterwa intege.

Ikindi ciciro co gutanga urucanco kizoba ku bafise imyaka 70 y'amavuka no kuduga, hamwe kandi n'abafise imyaka 65 n'iyirenga, ariko, Igisata kijejwe ivy'amagara y'abantu ca Vermont ntikirashira ahabona itangazo c'igihe bino vyiciro bizugururirwa ku bageze muza bukuru bacu bo mu karere. Ibi vyiciro bizokwiyongera birenze mu mezi make azoza. Incanco muri kino gihe zirafise aho zigarukira, ariko ikwiragizwa ry'urucanco muri Vermont rizoguma riyongera cane mu mayinga make azoza, kuva n'imiburiburi kuri 8,000 gushika ku ncanco 10,800 buri yinga. Nubwo biri uko ikwiragizwa riguma riyongera, umubonano wanyu ushobora gufatwa amayinga make imbere kuko urucanco rutaraboneka neza ku bwinshi ku benegihugu.

Ireresi ku kwiwandikisha:

<https://www.youtube.com/watch?v=0qXz61HezAw&t=1s>

Kwipimisha COVID-19

Kwipimisha biboneka buri musu muri Burlington (405 Pine St.) hamwe ni Winooski (32 Mallets Bay Ave), hamwe n'iviyongereyeko hejuru mu kwezi kwose. Ubushobozi bwo gutemberera imbere mu kigo bufise aho bugarukira. URUCANCO NTIRUBONEKA MU BIBANZA VYAGENEWE GUPIMA Nimba bikugora kwiyandikisha kugira upimwe, urashobora guhamagara uwukurikirana ikibazo cawe kuri AALV canke USCRI, canke ukabaza RRC, hamwe n'ivyo tuzokora uko dushoye tugufashe.

<https://www.healthvermont.gov/covid-19/testing/where-get-tested> (mu Cyongereza)

uburyo bwo gupima bushobora guhinduka bivanye n'ukuntu ikigo kijejwe amagara y'abantu gishira ku gihe uburyo gikoramwo

Burlington City Arts Studio - 405 Pine St, Burlington VT, 05401

Ikibanza co gupimiramwo kiri mu mwanya ukurikira ikigo c'ubugenegene co ku murwa mukuru w'i Burlington kuri 405 Pine Street

Ubufasha bujanye n'ugusobanura ku muntu buraboneka umwanya wose buri musu kandi no gutemberera ikigo utabimenyesheje gufise aho kugarukira

Ikora buri musu: 10:00 inyuma y'umutaga-6:00 inyuma y'umutaga buri musu

Kwiyandikisha hakiri kare biriho ku rubuga ngurukanabumenyi rw'igisata kijejwe amagara y'abantu ca Vermont

O'Brien Community Center - 32 Mallets Bay Ave, Winooski VT, 05404

Ubufasha bujanye n'ugusobanura ku muntu buraboneka umwanya wose buri musu kandi no gutemberera ikigo utabimenyesheje gufise aho kugarukira

Ikora buri musu: Ku wa Mbere, ku wa Gatatu & ku wa Gatanu - 2:00 Inyuma y'umutaga-8:00 Inyuma y'umutaga, ku wa Kabiri, ku wa Kane, ku wa Gatandatu, & ku w'Imana - 9:00 Imbere y'umutaga-3:00 Inyuma y'umutaga

Kwiyandikisha hakiri kare biriho ku rubuga ngurukanabumenyi rw'igisata kijejwe amagara y'abantu ca Vermont

Hejuru

Izo hejuru zose zikora guhera 9:00 imbere y'umutaga-3:00 inyuma y'umutaga

Kwiyandikisha hakiri kare hamwe no gutemberera ikigo biriho

Burlington North End Studios - 294 North Winooski Ave, Burlington VT, 05401

Ubufasha bujanye n'ugusobanura ku muntu burahari

Buri kuwa Gatanu: Tariki ya 5, 12, 19 Ruhuhuma, hamwe na 26

Colchester Mallets Bay Congregational Church - 1672 W Lakeshore Dr, Colchester, VT 05446

Umusobanuzi kuri terefone arahari

Buri wa Kane: Tariki ya 4, 11, 18 Ruhuhuma, hamwe na 25

Williston National Guard Armory - 7846 Williston Rd, Williston VT, 05495

Umusobanuzi kuri terefone arahari

Buri wa Gatatu: Tariki ya 3, 10, 17 Ruhuhuma, hamwe na 24



Ibibazo? Ukeneye Ubufasha?

Ikigo c'amakuru **ya COVID-19 hamwe no kuvugurura (RRC)** kiri ngaha kugira gifashe, turondere kuri 802-755-7239 or recovery@burlingtonvt.gov kandi usige ubutumwa bufise izina ryawe, ururimi ukoresha, hamwe n'amakuru kukuntu bogutora hamwe n'ivyo tuzogufasha mu mwanya muto ushoboka. Ikigo cacu c'uguhamagara kirafise uburyo bwo gusobanura biciye kuri terefone. Amasaha yacu yo gukora ni Kuwamabere gushika Kuwagatanu, 8:00 imbere y'umutaga-4:30 inyuma y'umutaga.

Ivyashitsweko:

Igisata Kijejwe Amagara y'abantu ci Vermont

<https://www.healthvermont.gov/media/translation/covid-19-translations> (ronka amakuru asobanuye kuri COVID-19)

<https://www.healthvermont.gov/covid-19/testing/where-get-tested>

<https://www.healthvermont.gov/covid-19/vaccine>

Umurwa mukuru wa Burlington

<https://www.burlingtonvt.gov/covid-19/testing>

<https://www.burlingtonvt.gov/covid-19/vaccine> (amakuru afise aho agarukira araboneka kurubuga)

<https://www.burlingtonvt.gov/resources>

Amasanamu avuye mu kigo c'amakuru hamwe no kuvura (RRC) yo ku Mugwa mukuru wa Burlington

Amakuru yo mur'ino nyandiko aritezwe guhinduka nkuko amatangazo mashasha aguma akorwa hamwe n'imirongo ngenderwako iguma ishirwa ku gihe ku rwego rw'igihugu hamwe na reta